



**PENILAIAN TENGAH SEMESTER GANJIL
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023**

**Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : 6 (Enam)**

**Hari / Tanggal : Kamis, 13 Oktober 2022
Waktu : 30 Menit**

I. Tulisen salah siji jawaban a,b,c,utawa d sing ko anggep paling benar ing wadiah sing wes disediakake!

1. Sane tik crita ing bener-bener ana lan dumadi, yaiku teks..

- A heskrips
- B. narasi factual
- C. persuasi
- D slogan

2 Tetembungan utawa ukara sing isine ajak ajak, ngelingake, sarta menehi semangat marang sapa sing maca yaiku teks.

- a cheskrips
- B. narasi faktual
- C. persuasi
- D slogan

3. Nyandharake informasi bab kaluwihane prodhuk utawa kahanan barang sing diiklanake kalebu cirine teks

- a pawarta
- b. persuasi
- c. parwara
- d slogan

4 Ing sajrone Taman Nasional Baluran kejaba awake dhewe bisa dolan lan ngenggar enggar ati, uga bisa nganakake pelatihan lan sinau. Tegese ngenggar enggar ati yaiku..

- A.nyusahke ati
- b nyenengke ati
- C ngrasani
- d. tinulung liyan

5. Wong sing pegaweyane golek lan nulis laporan ing medhiya cithak utawa elektronika, yaku ...

- a dermawan
- b. karyawan
- C. wartawan
- d. pustakawan

6 Unsur informasi kang nuduhake wektu dumadine sawijine kedadayan, yaiku..

- a ing ngendi

- b. kapan
- C. geneya
- d. apa

7. Banyu sing dibutuhake jroning panguripan yaiku banyu sing...

- A reged
- b. kena limbah
- c. resik
- d kacampur bahan kimia

8. Nuswantara negara kang gemah ripah loh jinawi.

Tembung loh jinawi tegese

- a subur makmur
- b. tata tentrem
- C adil makmur
- d. kerta raharja

9. Salah sijine cirine teks informasi yaiku...

- a. ngandhani sing maca
- b. nyritakake panggonan
- c. kanyatan sabenere
- d. kanyatan sing digawe

10. Ukara iki sing kalebu pariwisata, yaiku.

- a. Wis ditemokake dhompot isi dhuwit, SIM, lan STNK.
- b. Regane mung satus ewu repes, barange dijamin kualitas.
- C. Sugeng enjing para rawuh wonten gedhung sekolah mriki.
- d. Sampule buku rupane biru gambar garudha isine 120 lembar.

Tembang ing ngisor iki kanggo mangsuli soal nomer 11 lan 12!

*Karo kanca kudu urip guyub rukun,
Senajan beda agami,
Apadene beda suku,
Ayo padha sing nyawiji,
Gedhe cilik tuwa anom.*

11. Guru gatrane tembang macapat kasebut, yaiku.

- a. 5
- b. 6
- c. 7
- d. 8

12. Isine tembang kasebut babagan

- a. karukunan

- b. kecongkrahan
- c. kabudayan
- d. kagiyatan

13. Gatekna tembang ngisor iki!

***Pasulayan karo sedulur,
Iku mung ngisin-isini,
Kanthi padha rebutan ,
Perkara kang tanpa aji,
Iku kayata bebasane
Rebut balung tanpa isi.***

Gatra kapisan tembang kasebut adalah

- a. 8i
- b. Bu
- c. 8a
- d. 80

14. Tembang pirang-pirang pada kang isih sajenis diarani.

- a. gatra
- b. pada
- c. wanda
- d. pupuh

15. Ngloro lan sedhik iku watake tembang.

- a. Mijil
- b. Maskumambang
- c. Megatruh
- d. Durma

16. Cacahe wanda saben gatra jroning tembang macapat diarani guru..

- a. wanda
- b. wilangan
- c. gatra
- d. lagu

17. Dhong-dhinge (tibane swara) ing pungkasan gatra jroning paugeran tembang macapat diarani guru....

- a. wanda
- b. wilangan
- c. gatra
- d. lagu

18. Tembang macapat kang watake nelangsa keranta-ranta yaiku....

- a. Pangkur

- b. Maskumambang
- c. Pucung
- d. Dhandhanggula

19. Watake tembang Pangkur yaiku.

- a. sereng, tegas
- b. nglokro, sedhih
- c. nesu, muntab
- d. grapyak, renyah

20. Tembang macapat sing cacahé gatra paling sethithik yaiku...

- a. Sinom
- b. Mijil
- c. Maskumambang
- d. Dhandhanggula

21. Tembang macapat sing cacahé gatra paling akeh yaiku.

- a. Kinanthi
- b. Asmaradana
- c. Maskumambang
- d. Dhandhanggula

22. Supaya bisa nerangake isine tembang macapat bab sing kudu dilakoni yaiku...

- A. anglagokake tembang kanthi becik.
- b. ngrungokake saben ana wong nembang
- c. nerangake tegese tembung kang utama
- d. blajar ngarang tembang macapat

23. Sinom iku salah sijine jinis tembang

- a. dolanan
- b. macapat
- c. gedhe
- d. tengahan

24. Tembang sinom ing ndhuwur dumadi saka gatra ...

- a. 8
- b. 9
- d. 10
- d. 11

25. Isine tembang Sinom ing ndhuwur, yaiku ngenani

- a. jejering murid sing males

- b. carane supaya dadi sugih
 - C. jejere murid sing becik
 - d. kuwajibane murid
26. Dadi siswa kang prayoga ora mung cukup wasis
- Tembung "wasis" tegese
- a. kendel
 - b. pinter
 - Cwani
 - d. sregep
27. Mring guru aja wani, ngabekti lan mituhu Tembung "mituhu tegese
- a takon
 - b. melu
 - Cngajak
 - d. nurut
28. Klawan kanca ora gampang cecongkahan Tembung "cecongkahan" tegese
- a. seneng tukaran
 - b guyub rukun
 - C seneng ngapusi
 - d. ngajak dolanan
29. Sawijine karangan kang kaket mawa paugeran guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu diarani
- a tembang macapat
 - b. tembang dolanan
 - c lelagon campursari
 - d gendhing manasuaka
- 30 Sing dadi paugerane tembang macapat, yaiku.
- a guru gatra, guru sastra, guru lagu
 - b guru lagu guru swara, lan guru sastra
 - c guru gatra guru willangan, lan guru wanda
 - d. guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu

Gatekno wacan ing ngisor iki kanthi setiti !

Jakarta: Kementerian Lingkungan Hidup nganakake maneka warna lomba kanggo mangayubagya pengetan dina kamardikan RI kaping 77 taun 2022 tumraping karyawan ing Kementerian Lingkungan Hidup (KLH). Kagiyatan iki ditindakake dening Biro Umum KLH, sing pesertane yaiku karyawan KLH. Senajan dianakake kagiyatan lomba nanging kantor KLH ora tutup lan isih tetep nindakake kagiyatan pelayanan publik kaya biasane

Maneka warnane lomba iki dibukak kanthi resmi dening Menteri Lingkungan Hidup, Dr. Ir. Siti Nurbaya, M.Sc. Panjenengane nyengkuyung banget anane kagiyatan rutin kaya mangkene iki kanggo nyambung taline siraturahmi

lan sportifitas ing antarane karyawan KLH supaya nduweni tumindak kang jujur lan adil. Maneka warna jinis lomba sing dianakake yaiku: lomba futsal wakil saka saben unit Kedeputan, PPE (Pusat Pengelolaan Ecoregion), Biro-Biro ing Kementerian lan lingkungan pomahan Menteri KLH.

Kejaba futsal, uga ana tetandhingan bola volly, bulu tangkis lan tenis meja, kagiyatan iki ditindakake wiwit tanggal 12 nganti tumekane tanggal 15 Agustus 2022. Jroning acara pambukan, menteri bebarengan karo Pejabat Eselon I ing Kementerian Lingkungan Hidup ngeculake manuk dara minangka tanda diwiwiti maneka warnane tetandhingan antarane unit-unit ing Kementerian Lingkungan Hidup.

31. Sing diwartakake jroning pawarta ing ndhuwur, yaiku.....

- a. upacara pengetan HUT RI lumaku kanthi rancag
- b. maneka warna lomba kanggo mengeti HUT RI
- c. Menteri KLH mimpin upacara pengetan HUT RI
- d. Pengetan HUT RI kudu dipengeti saben taun

32. Sing nuduhake wektu kadadeyan jroning pawarta ing ndhuwur yaiku....

- a. 12 nganti 15 Agustus 2022
- b. HUT RI kaping 27 taun 2022
- c. Sing nganakake kagiyatan KLH
- d. maneka warna lomba dianakake

33. Sing dadi peserta jroning lomba HUT RI, yaiku.....

- a. kabeh warga masyarakat
- b. para kulawarga saka KLH
- c. para karyawan KLH
- d. para pimpinan ing KLH

34. Sing kepareng ambuka kagiyatan lomba HUT RI, yaiku....

- a. menteri KLH
- b. kepala Dinas KLH
- c. wakil gubernur
- d. kepala bidang KLH

35. Tujuan dianakake lomba, yaiku kanggo ..

- a. golek bibit unggul kanggo lomba tingkat nasional
- b. njalin silaturahmi lan njaga sportifitas para karyawan
- c. nguripake maneka jinis olahraga ing kantor KLH
- d. menehi bantuwan marang wong sing mbutuhake

36. Teks sing isine ngenani kadadeyan kang diwedharake ing sajroning tulisan ing medhiya cithak, utawa laporan ing medhiya elektronik diarani teks....

- a. narasi
- b. argumentasi
- c. pawarta
- d. eksposisi

37. Jroning teks pawarta, informasi sing diandharake kuwi pancen bener-bener ana lan dumadi iku nuduhake menawa pawarta iku ...
- a. bener
 - b. akurat
 - c. lengkap
 - d. manjila
38. Jroning pawarta, informasi sing diandharake kudu bisa dipercaya iku nuduhake menawa pawarta iku ...
- A bener
 - b. akurat
 - c. lengkap
 - d. manjila
39. Jroning pawarta, informasi sing diandharake saora-orane kudu nyakup 5W + 1H iku nuduhake menawa pawarta iku ...
- a. bener
 - b. akurat
 - c. lengkap
 - d. manjila
40. Pawarta sing diandharake kuwi kudune akurat, tegese informasi sing diandharake....
- a. abener-bener dumadi
 - b. kudu nyakup 5W+1H
 - c. kudu bisa dipercaya
 - d. dingerteni wong akeh
41. Salah siji tata carane maca teks pawarta, yaiku....
- a. olehe maca kudu banter lan cepet
 - b. sing diwaca mung judhule wae
 - C. maca nganggo pengeras swara
 - d. dolehe maca kudu bener lan cetha
42. Kapan kedadeyan sing diwartakake jroning pawarta iku mujudake jawaban kanggo tembung pitakonan.....
- a. what
 - b. when
 - C. who
 - d. why
43. Sawise adus aku terus mangan. Yen dadekake basa krama...
- a. Sasampunipun siram kula lajeng dhahar.
 - b. Sasampunipun adus kula langsung nedha.
 - c. Sasampunipun siram kula langsung nedha.
 - d. Sasampunipun adus kula langsung dhahar.
44. Bapak arep lunga menyang Surabaya numpak sepur.

Tembung sing dicithak kandel benere....

- a. kesah; nitih
- b. kesah; numpak
- c. tindak; nitih
- d. tindak; numpak

45. Tata carane nyritakake isine teks pawarta sing becik yaiku.....

- a. nggunakake tembung-tembung sing angel dingerteni.
- b. olehe nyritakake lancar lan runtut (ora mbulet).
- c. olehe nyritakake didawak-dawakne supaya suwe.
- d. basa sing digunakake basa sing kasar lan basa campuran.

46.  ukara nganggo aksara jawa ing sisih unine ...

- A. Pahri grumuk-grumuk
- B. Pahri guyumu
- C. Pahri guya guyu
- D. Pahri tuku mundu

47. Pembarepe Pendhawa yaiku ...

- A. Yudistira
- B. Werkudara
- C. Janaka
- D. Nakula,Sadewa

48. Bapake Pandhawa asmane ...

- A. Bimasena
- B. Puntadewa
- C. Pandhu Dewanata
- D. Semar

49. Bapak lungguh ing teras karo moco koran .Basa krama inggile ukara ing sisih yaiku ...

- A. Bapak lenggah teras karo moco koran
- B. Bapak lenggah wonten teras kalian maos koran
- C. Bapak lungguh wonten teras kalih moco koran
- D. Bapak tindak teras kalih maos koran

50. Sapine ginuk-ginuk yen ditulis nganggo aksara jawa yaiku ...

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 